ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№192 (21.350) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Абхъазым щекІуэкІа гуфІэгъуэм КъБР-м и Президентыр хэтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен хэтащ Абхъаз Республикэм и Шхьэхуитыныгъэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэм.

КЪЭРАЛЫР щхьэхуит зэрыхъурэ ильэс 15 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ даугъапщэм хэтыну Урысейм, СНГ-м щыщ къэралхэм, абхъаз диаспорэ ин зэдэщыІэ Тыркум кьикІри Сыхьум къэкІуащ хьэщІэу 400-м щІигъу. ГуфІэгъуэ зэІущІэм кьыщыщыпсалъэм Кьанокъуэ Арсен игу кьигъэкІыжащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ щІалэхэр щхьэмыгъазэу Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм зэрыщІэзэуар икІи абы папщІэ куэдым я псэр зэратар. «Езыхъэм я жэрдэмкІэ Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм щІэзэун папщІэ Къэбэрдей-Балькъэрым кьикІахэм ящыщу 59-рэ хэкІуэдащ, цыху 11-м, абыхъэм ящыщу 5-м - хэкІуэда нэужь «Абхъазым и Лыхъужь» цІэ льапІэр фІащащ. Абхъаз льэпкъым гуэзвэгъуэ кьыщыпльэІэсам щыгъуэ абы Къэбэрдей-Балькъэрым и щхьэхуитыныгъэм и Президент зэфІэкІкІэ зыкьыщІагъэкъуащ. Ар нэгъэуэщу щытыныкІи Іэмал иІэтэкъым - ди республикэхэр зэгъэнэгъущ, ди льэпкъхэри зэкъэуащ. Дэ кьыгъуиухащ гуфІэгъуэри, гуэзвэгъуэри зэдэдгъэщу, ди нэхъыжьхьэм ныбжьыгъуГьэр зэкъуэушыгъэрэ дяку дэлъын хуейуэ кьытхуагъэна уэсятыр дгъэзащІэу дьэздэпсэуну. Нэр напІэм зэрихъуэм хуэдэу, дэ ди зэхуэдэ я фІыгъуэшхуэр дяпэкІи тхъумэнщ, дгъэбыдэнщ икІи ди льэпкъхэм я сэбэп зыхэлъ зэдэлажьэныгъэм зедгъэужьынщ», - жиІащ абы. «Дэ нобэ мыбы дыкьыщІэкІуар ди кьуэш абхъаз льэпкъым и гуфІэгъуэр дэтІэтын папщІэщ. Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщІхэм, ди цыхубэм я цІэкІэ сынывохьэхьу текІуэныгъэм и махуэ гъуэзэджэмкІэ», - кьыхигъэщхьэхуІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым. Шыщхьэу мазэм Осетие Ипщэм кьыщыхъуа гуэзвэгъуэм теухуауэ Кьанокъуэ Арсен жиІащ а мафІэм и лыгъэм Кавказ псор зэщІимыщтэу кьыІэрынар Урысейм тегушхуауэ илэжьа Іэхухэм зэрафІыщІэр. Дяпэкіи Кавказым мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытынымрэ щыІэнымкІэ шэсыпІэу узэщыгугъынур Урысейм и закъуэщ. Урысей Федерацэм Абхъаз Республикэр зыми ІэщІэмылъ къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр кьыІэрильатар, зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теухуауэ иджыблагъэ льэныкъуитІым Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэр абхъаз льэпкъым и щынагъуэншагъэр кьыІэхьІуэху кьыщыхьэщІ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм жиІащ республикэм и махуэшхуэм ирихьэлІэу ди кьуэш республикэм хуэтщІ тыгъэу школ гуэр е нэгъуэщІ социальнэ Іуэхущ Іапі э КЪБР-м и мылькукІэ зэрагъэпэщыжьым зэрыфІэтэмэмыр: «Дэ а лэжьыгъэр икьуэдэ тфІэдэрэжьэгъуэу зэфІэдгъэкІынщ, сыт хуэдиз мыльку дяы темыкІуадэми».

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

Абхъаз армэр парадым хэтщ.
2008 гъэ, фокІадэм и 30

1993 гъэм фокІадэм и 27-м Абхъаз Правительствэм и Унэм щыфІадза Адыгэ бэракьыр утыку кьрахь.

Налшык къалэкум щыІэ Абхъазым и утыкушхуэм фокІадэм и 30-м щызэхэта гуфІэгъуэ зэхьихьэр ди щІыхуэхм ЕфІу ягу кьыззыпджынум щэч хэлъкьым. Сыту жыпІэмэ, адыгэхэм я гъэдэм кьыдгъэдэку лЪэщІыгъуэхэм ди нобэм къахьэса Іуэхугъуэ ин дыдэхэр, дызыхэсэукІ лъэхьэнэм ди пэгу щІэкІэхэри хахъ тыншэщи.

МАХУЭЩХУЭ пэкІуР хуэгъэпсауэ щытащ 1992-1993 гъэхэм екІуэкІа Куржы-Абхъаз зауэр Апсным и текІуэныгъэхэкІэ зэриухрэ ильэс 15 зэрыхъум.

Абхъазым, Афганистаным щызэуа ди льэпкьгъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэр ящыгъуу зэраубзыхуам тету, а махуэм апхуэдэуи ягъэлъэпІащ Кьэнжал зауэм кІэлъэрдейхэр зэрыщытекІуэрэ ильэс 300 зэрырикъуамрэ Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэр хамэ унафэ щІэмыту кьызэралъытам я щІыхькІэ зекІуэ щыІа ди щууейхэмрэ.

Абхъазым щыІаХэм я Союзым и тхьэмадэ **Бекъшокъуэ Алексей** зэІущІэр кьызэІуиха нэужь, утыкум кьрахьащ 1993 гъэм фокІадэм и 27-м **Шорэ МуЕед** зи унафэщІ ди тІасхьэщІхьхэм Апсным и Правительствэм и Унэм щыфІадза бэракьыр. Ар Налшык щахъумэ.

«Куржыум мурад бзаджэ ящІат зи лЫгъэкІи, зи тхыдэ кьуейкІи езыхэм ефІэкІ ди кьуэщхэм льапсэрыхьэр кьыхуагъэкІуэну. Абы теуха льапІэжэ зауэр кьыщращІылІэм, ди цІыхухэр нэхьри зэрыубыдри, абхъазхэм сыткІи зыщІагъэкъуащ. Ди кьуэшхэм я щхьэхуитыныгъэм папщІэ я псэр яташ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэ 59-м. ЗауэлІ пщыкІуэным «Абхъазым и Лыхъужь» цІэ льапІэр кьыфІащащ (5-м зэрыхэкІуэдауэ).

Къэбэрдейхэр жыжьэ кьыщежьэ, Іуэхугъуэ ин дыдэхэмкІэ гъэнщІа тхыдэ зиІэ адыгэ льэпкъщ. Нобэрей зэІущІэм ныбжьыщІэ куэд зэрыхэтым срогупхуэ. ЩІэблэм ящІэн хуейщ кьызыхэкІа льэпкъым и блэкІа жьыкъм я льапІагъэхэр, ди адэжьхэм я гупсысэкІэу, я шыфэлІыфэу, я Іуэху зехьэкІэу щытар. Зи тхыдэм щІэуэзыщІым, зымыкъуамэ и кьэкІуэнур кІэщІщэ, - кьигъэлъэгъуащ Бекъшокъуэ Алексей.

Абхъазым щызэуа ди щІалэхэм зэрахьа лЫгъэщхуэм кьытеувыІэри, абы чэзууэ кьриІуащ а республикэм и къэкІуэнум папщІэ зи псэр зыта Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэ 59-м. ЗауэлІ пщыкІуэным «Абхъазым и Лыхъужь» цІэ льапІэр кьыфІащащ (5-м зэрыхэкІуэдауэ).

Къэбэрдейхэр жыжьэ кьыдентым и Администрацэм и Унафэщі **Къэжэр Альберт**.

Зохуэсым нэщІкІыж муслЬымэн махуэшхуэм и саулыкъуэкІэ ехьэхьэри, абы кьыхигъэщащ республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэм дежкІэ мы зэхьхьэ гуапэм мыхьэнэщхуэ дыдэ зэриІэр.

«Псоми фІыуэ дощІэж бгъущІ гъэхэм и пэхэм Куржы зэрыпхъуакІуэхэм Абхъаз Республикэ щІэращІэм льапсэрых зауэ зэрыращІылІауэ щытар икІи илъэсым щІигъукІэ ди кьуэшхэр я щхьэхуитыныгъэм кьымыкІуэту зэрыщІэбгнар, бийр зэрыхагъэщІар. А текІуэныгъэр кьэзыгъэблэгъахэм яхэтащ къэбэрдей зауэлІ 1500-рэ. Мыбдеж зэрыщыжаІащи, 59-м я щхьэр а зауэм щагъэтІылъащ. Абыхэм я щІэхэр тетщ мы дызыбгъэдэт фэеплым. Абхъазым и утыр цІыху зэхьхьэпІэщ, Іуэхугъуэ куэдхэр щІэх-щІэхьыурэ кьыщылхалъхьэ щІыпІэщ. Псом хуэмыдэу щІалэзгъуалэр уэру щызэхуос. Иралъагъу, иращІэ абыхэм ди кьуэш республикэм и щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи псэр зытехэр, я фэеплым пщІэ хурыращІ. Ар гъэсэныгъэм и нэщІнэ хъарзынэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр гурэ псэкІэ зыхраІэ.

А зэманым Абхъазым бийр химыгъэщІамэ, и натІэ хъунур щыщхьэІу мазэм Куржым Осетие Ипщэм хуимурадарт. Ауэ иджы ди кьэралым и унафэщІхэр ткІипуэ икІи тегушхуауэ кьуэри, зэрыпхъуакІуэхэр псынщІэу я пІэм ирагъэтІысхьэжащ. Урысейм Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ, хамэ унафэ щІмыт республикэхэу кьыззэриІытам ахэр льэпкъыу кьызэгурыІэнащ, зэныбжьэгъугъэм, зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэращІылІа зэрагъэпэщащ, Абхъазым щыІаХэм я Іыхьлыхэри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жыдэжру хэтхэри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● ПэкІуэр

Зауэм хэкІуэдахэм хуоущыгъуэ.

Щхьэхуитыныгъэр ягъэнэхъыщхьэ

Осетие Ипщэм щыщу Афганистаным щызэуахэм я Союзым и унафэщІ Гаглоев Тимофей.

Тэрч-Балъкъ къзакъхэм я атаман Любуня Николай и псалъэ.

хэхуауэ щыта ди кьуэш абхъазхэм щхьэмыгъазэу якъуэувa, абыхэм я щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи псэр зыта ди щІалэхэм я фэеплъыр щагъэльапІэ махуэ», - кьыхигъэщащ Къэжэр Альберт.

«Нобэкъэгъу лапІэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Нобэ Іуэху дахэкІэ дызэхуэзащи, Тхьэм псоми фІы кьытхудигъакІуэ. Япэрауэ, муслЬымэну дунейм тетым я нэщІикІыж хьид махуэ лъапІэщ, апхуэдэу Абхъазым щхьэхуит зэрыхъурэ ильэс 15 ирокъу. А гуфІэгъуэр ядигъэлъэпІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэхэм я хъуэхъур яхуихьри, Президент Кьанокъуэ Арсен ди кьуэшхэм я деж кІуащ. Си нэгу щІэкІым сегьэгуфІэ - мыбдеж щызэхуэсащ Къэбэрдей льэпкъ Конгрессым и унафэщІу щытахэри, Абхъазым щыІаХэм я Іыхьлыхэри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жыдэжру хэтхэри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Туризмэм зеужь

АДЫГЕЙ. ***Туризмэм и дунейпсо махуэр иджыблагъэ Адыгейм щагъэлъэпІащ. Абы ирихьэлІэу щыналъэм и туристхэм я лэжьыгъэр къалщытэжащ.***

«А ІЭНАТІЭМ къит фейдэм ику ину процент 30-40-кІэ хэхъуащ. Дызэрыт илъэсым кьэриубыдэу ди деж щыхьэщІащ туристмини 180-м нэблагъэ, икІи абы сом мелуани 130-м нэблагъэ кьыхэкІащ. Иджыблагъэ Сочэ щекІуэкІа инвестицэ форумым сом мелард 450-рэ я уасэ проектхэмкІэ зэгурыІуэныгъэхэр хьэрычэтыщІэхэм ятщІыпІащ», - жиІащ Адыгейм туризмэмрэ курортхэмкІэ и министр Петров Владимир.

УнагъуэщІэхэр щхьэхуэ мэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«УнагъуэщІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщын» республикэ программэм ипкъ иткІэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и унагъуэ 85-м псэупІэ сертификатхэр иджыблагъэ ираташ.***

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэр щекІуэкІащ щІыпІэ правительствэм и унэм, сертификатхэр унагъуэщІэхэм яритащ премьер-министр Кайшев Владимир.

Къэрэшей-Шэрджэсым щІалэгъуалэ ІэхъуэмкІэ и управленэм и унафэщІ Солженикин Александр зэрыжиІамкІэ, «УнагъуэщІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщын» республикэ программэр илъэсищ хьуауэ щІыналъэм щолажьэ. Абы кьриубыдэуи унагъуэ 200-м щигъум я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

«Фіыуэ кьыдгуроІуэ псэупІэ хэзныкъуэхэр куэдкІэ зэрынэхъыбэр. Ахэр мин бжыгъэм щІегъу, ауэ гугъэ диІэщ ди Президентым и дэІепыкъуныгъэкІэ ди Іуэхуэр едгъэфІэкІуэфынуи», - жиІащ Солженикин Александр.

ХЬЭЩІКЪУЕЙ Олег.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Дызыхуэкіуэ ильэсым и бюджетым тепсэлъыхьын щІадзэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуащ Парламентым и Унафэщ Бечелов Ильяс. ЗэІущІэм щыхьэлІащ КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу республикэм и Парламентым щыІэ Къуэшрокъуэ Залым.

ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭМКІЭ, къэрал уху ныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іэхэухэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Гилиев Борис** депутатэм я пащхьэ къриІыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административнэ-щІынагъэ зэхэлъыкІэм и Іуэхуэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал гражданэ кьулыкъым и Іуэхуэ» КЪБР-м и Законым и 7 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ кьулыкъым и Іуэхуэ» КЪБР-м и Законым и 12 статьям зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектхэр. Иужьрей документыр теухуауэ КЪБР-м и къэрал граждан ІэнатІэмрэ муниципальнэ ІэнатІэмрэ щылажьэнухэр кьыщыхахкІэ абыхэм хуэдэ гъэувэр нэхъ кьыззэрыгуэкІ щІыным.

Апхуэдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІынагъэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхуэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэ зэпхыныкъуэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхуэ» КЪБР-м и Законым щІыналъэм патентым тещІыхьауэ налогхэр нэхъ кьыззэрыгуэкІыу зэрыщытралъхьэ хабзэм иІэ кьыхэщхьэхухьІныгъэхэм я Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Мы документыр ягъэхьэзыращ республикэм и закон актхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъэкьыным пыщІа Іуэхухэр дэгъэкІын мурадкІэ.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуэкіэ» КЪБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ къриІыхьащ. Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансэхэмкіэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Къанщобий**. Абы жиІащ, ягъэкІэ зэрафызыхъэр тету, мы документым министерствахэмрэ ведомствохэмрэ я лІыкІуэхэр кърагъэблагъэуэрэ, Парламентым и комитетхэм я зэІущІэхэм зэрыщытепсэлъыхьыжынур. Апхуэдэу республикэм и финанс документ нэхъыщхьэр кьыщыхахьылъэнущ цІыху куэд кьызэрихьэлІэну. Утыку псалъэмакъым. КІэухыу 2009 гъэм и бюджетым и проектым щыхэпльэжьнущ КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ льапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр. Ильэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

ЕджапІэ къхъахэ

Оренбург областым щыІэ Беляевск жылагъуэм насыпыщІагъэ ин къыщыхъуащ.

Мыбы кьыщызэтещхъащ школым и етІуанэ, ещанэ къатхэр. Цыхуитху хэкІуэдащ, плІым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. Блинкэр къыщызэтеуэм псоми хуаІуэхуат псынщІэу унэр ябгынэн зэрыхуейр. Арщхьэкіэ епщыкІуэнэу классым щеджэ хьыджэбзхэм ар къафІэІуэхуакъым. ЗэкІэ зэрыхуагъэфащэмкІэ, насыпыншагъэр кьыхэкІащ школыр ремонт щІыным екъэлІауэ мыбы щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм. Къутахуэхэм нэгъэщІ ныбжьыщІэхэр псэууэ кьыхахыжащ.

Областым и прокуратурэм уголовнэ Іуэху кьиІэтащ къэхуам теухуауэ.

Лъабжьэ иЭтэкъым

УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым къыльытащ пащтыхь унагъуэр 1918 гъэм зэрызэтраукІам лъабжьэ имыІэу.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ абы диІыгъащ пащтыхь унагъуэм и щІэкІэ уэчылу щыт Лукьяновым къигъэувхэр. Мы Іуэхур ильэс куэд хьуауэ йокІуэкІ. Япэ щІыкІэ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и коллегием идакьым пащтыхь унагъуэм щыщхэр хабзэншагъэкІэ яубыдауэ къильытэн. Абы и щхьэхуэсыгъуэ нэхъыщхьэт пащтыхь унагъуэм щыщхэр убыдыным, суд ятещІыхьыным теухуауэ зы тхылъ гуэри зэрыщымыІэр. Арщхьэкіэ тхьэусыхафэм и лъэныкъуэ псори зэпилъыта нужь, УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым кьильытащ пащтыхь унагъуэм щыщхэр лъабжьэ гуэри ямыІэу ягъэтІысауэ икІи яукІауэ.

Адэмрэ къуэмрэ

Осетие Ищхьэрэ-Аланием кьызэрыратыкІамкІэ, мыбы щаукІащ хабзэхьэмэ щІэрыІуэ Чердиев Виталий.

Абы и гъусэу хэкІуэдащ и къуэри. Чердиев Виталий ныхъатэмэ ящхІыну хэтащ. БзаджащІэ куэдым я дзэхэр абы хуалъырт.

Гугъуу щытынуми...

Урысеймрэ Осетие Ищхьэрэ гъуэгуанэ зэрыщІэну гъуэгуанэ зэращІэну я мурадщ. Пэжщ, абы ахьыщхьэ лъыз текІуэдэнущ, ауэ абы лъэныкъуэкІэ кьигъэувыІэнукъым. Гъуэгу гъуэгум километри 149-рэ и кІыхьагъым хуэщІ.

Ар ящІын папщІэ тоннеи 9 пхрамытІыкІыу хуэхъуакъым. Хуэныгъэм мыгувэу ящхьэ ихьну я мурадщ.

(ИТАР-ТАСС)



◆ **Лей земыхъэным теухуа дунейпсо махуэщ.** 2008 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 15-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ. Ильэс къэс ягъэлъапІэ Индиер хамэ унафэщІэмытыным хуэгъэза зэщІэхъеенныгъэм и унафэщІхэм ящыщ, лей земыхьэным теухуа гупсысэхэр зи купщІэ философиемрэ лъабжьэр зыгъэтІылъа Ганди Махатмэ (1868 - 1948) кьыщалъхуа махуэм.

◆ Гвинее Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - кьралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1958).

◆ Ильэс 40 и пэкІэ (1968) Мехико и Тлателокко утым гущІэгъуншэу щызэтраукІащ студент минхэр зэхуэсу ирагъэкІуэкІа пэкІум хэта ныбжьыщІэ куэд. Абыхэм къагъуват щІыху псоми зэхуэдэ хуитныгъэхэр яІэну.

◆ Ильэс 50 и пэкІэ (1958) ЩІэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо советым и Ассамблее Нэхъыщхьэм а гъэ дыдэм жэпуэгъуэм и 2 - 6-хэм Вашингтон щригъэкІуэкІа 8-нэ сессием и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Хьэршыр джыныкмкІэ дунейпсо комитет (КОСПАР).

◆ Жэпуэгъуэм и 2-3-хэм Москва щекІуэкІынущ Онкоурологхэм я урысей зэгухьэныгъэм я ещанэ конгрессыр.

◆ Жэпуэгъуэм и 2 - 10-хэм Пусан (Корее Республикэ) щекІуэкІынущ дунейпсо кинофестивальр.

◆ Жэпуэгъуэм и 2 - 4-хэм Бакъ щекІуэкІынущ япэ Азербайджан дунейпсо тхылъ жармыкІэр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьи 6-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 46-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъ 40-рэ.**

ПІэлъэнэр зыгъэхьэзырар ПАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъуехь зымылъэгъуа тыншыгъуэ ищІэркъым.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● КЪБР-м и Парламентыр итъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

Къущхьэ Гъумар и щапхъэ

Цыхубзм я лЫкIуэу республикэм и хабзэубзыхъ къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэм мызэ-мытIэу хэтахэм ящышщи си тхыгъэр зытеухуа Къущхьэ Гъумар, Ар 1927 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Зекъуэ къыщыхъуащ. Налшык пединститут, Москва парт школ нэхъыщхьэ, Владикавказ мэкъумэш институтыр къыщыхъащ, егъэджакIуэ, парт, совет, жылагъуэ дэмокIуэшхуэу щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тхуэнейрэ хахащ, КПСС-м и обкомым хэтащ, КПСС-м и ХХIII съездым и делегату щытащ.

СЭ КЪУЩХЬЭР ипэ дыдэу щысцIыхуар 1962 гъэрщ. Абы щыгъуэ къызэрагъэпэща Бахъсэн колхоз-совхоз управленэм и унафэщIу ягъэуват ар. РайонипIэ - Бахъсэныр, Дзэпыкъуэр, Щэджэмыр, Iуащхьмахуэр - къызэщIиубыдэрт абы. БлКСМ-м и обкомым и инструктору а управленэм сегъэбыдыдзIат.

Бахъсэн Щэнхабзэмкlэ унэм зэIущIэ щекIуэкIырти, цIыхур щIэзт. Зэхуэсым хьрихьэлIат районипIлIм щыIэ хозяйствэхэм я унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр, парт, совет, комсомол лэ жьакIуэжар. Зыт епсэлъыхьыр гъавэ IухьыкIыгъуэм зыхуэзэхьэзырынымрэ ар зэпэщу егъэкIуэкIынымрэт. ЗэIущIэм и кIэухым Къущхьэ Гъумар къэпсэлъапIэм кыиуащ. Къущхьэр гъэхуауэ Iуэхум тепсэлъыхьырт, хэбдзынм хэпIыхьэни хэмыту, зи гугъу ищIым фIы дыдэу зэрыхицIыкIыр наIуэу.

Илъэс нэхъ дэмыкIыу сэ сашащ абы щыгъуэ Бахъсэн къыщыдэкIыу щыта «Коммунист» газетым и редакцIэм. Къущхьэ Гъумари нэхъыбэрэ сыхуэзэ хьуащ икIи ар нэхъ гъэзэгъуэку къэсцIыхуащ, Гъумар сызэрыдэлажьа илъэсиблыр си дежкIэ ещанIэ хьэпэмэту щытаурэ къыщыхуэхуащ. ЗыбгъэдэлъэнаунафэщI къудейтэкъым ар. Абы щыхъгъэшхуэ хэпт, зэхэщIыкIыщхуэ иIэт, гуп хэ хуаим кьыхэзыгъуэкIт, гушыIэфырт, узыIэпишэу хьуахьэрт, нэфIэгуфIэт, адрейхэм заекъыхитъэпIинкIыртэкъым, псоми жаIэм едэIуэфырт.

Гъумар егъэджакIуэу гъэкъэн щыщIидза лъэхъэнэм Хэку зауэшхуэр екIуэкIырт. 1944 гъэм, и ныбжьыр илъэс 17-м иту, еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ щIалэм дзыхь кьыхуащIри егъэджакIуэу ягъэуват. Абы щыгъуэ езыр ещIанэ классым щIэст. Зэрыдакъэм хуэдэу школьр, итIанэ пединститутыр кьиухащ, зыщеджа, щригъэджа школми и унафэщI хъуащ.

- Дэ дигу кьинэжьи егъэджакIуэ куэд диIащ, - жеIэ лэжьыгъэм и ветеран, Зеикьуэ щалъхуа Щомахуэ Алибэч, - ауэ Къущхьэ Гъумарэр ЩэфIи Хьэчимрэ хуэдэ къэпсэлъыгъуейщ. А зэманым еджахэм фIыуэ сыт тхэпIи, абыхэм я фIыщIэу кьызоIытэ.

Къущхьэр илъэсиплIкIэ егъэджакIуэу, унафэщIу школым щылэжьауэ 1948 гъэм КПСС-м и Iуащхьэмахуэ райкомым ящэ. ИльэситI иримыкIу инструктору щытауэ райкомым пропагандэмрэ агитацIомкIэ и секретару хах. 1954 гъэм районым и коммунистхэм абы дзыхьышхуэ ирагъэз: ар КПСС-м и Iуащхьэмахуэ райкомым и инструктор-секретару хах. Абы щыгъуэ Къущхьэр илъэс тIощIрэ ебланэм ягъэуват, апхуэдэу щIалэу къулыкъушхуэ зыIыхьа иджыри къэхъуатэкъым. Ауэ ныбжькIэ щIалэмэ, абы зэфIекIыштхуэ зэрыхэтыр къэгъэлъэгагъуэ. А зэманым Iырныауэ а районым хыхьэрт. Ари кьалэ мэ хьу. Зи щIынатIэм къэзыгъэзэж балъкъэрхэмэ я зэIуэзэпэщIыныгъэр кьэзэгъэзэпэщIым хуэеIт.

- Хэкум къыщыдгъэзэжам щыгъуэ, ди районым и унафэщI Къущхьэ Гъумар щIэгъэкъуэныфI кьытхуэхэхъуауэ щытащ, - игу кьегъэкIыж «Iуащхьэмахуэ» совхозым и унафэщIу лэжьа Черкесов Георгий. - Сыт хуэдэ гугъуехьэмэ укъэришыну хьэзыр щIихут ар.

Апхуэдэ псалъэ гуапэ хэр нэгъэущIхэми жаIэу зэхэсхащ сэ. Кьапщтэмэ, Гундэс Мурадин и щIэкIэ щыта Мусукаевэ Шамса и тхыгъэ Бахъсэн кьыщыдэкI «Коммунист» газетым хуэзгъэхьэзыру сыщецэсэлъыIэм, кьызэжиIат кьуаижмэ хозяйствэми зыкъегъэIэтыжыным, зауэзщIым Къущхьэ Гъумар хэтхъэнэгъэшхуэ зэрыхуищIар. Абы и фIыщIэкIэ а балъкъэр кьуажэм а зэманым щауэ щыта школыщIэ, Щэнхабзэмкlэ унэ, интернат, псоуалъэ куэд дыдэ. Апхуэдэу Гъумар хуабжьу защIигъэкъуауI Лашкiутlэ, Бейдыдж, Былым, нэгъуэщI балъкъэр жылагъуэхэми.

ЛъжьакIуэшхуэм къарууэ иIэр ирихьэлIащ Бахъсэным зегъэужьыным. 1968 гъэм, кьалэ ящIа иужьрей абы промышленнэ предприятэ ин куэд, кьэралпIос мыхьэнэ зиIэ нэгъуэ хэ тыжу, кьыджуташ, шк ольэхэр, сабий садхэр, псэупIэ унэ э тет куэд, нэгъуэщI Iуэхущ Iуэхуящ. 1970 гъэм Къущхьэр КПСС-м и обкомым промышленность псынщIэмкIэ, ерыскыы промышленностымрэ сатумкIэ и Iуэдамэм и унафэщIу ягъэуващ. Мы Iнатlэми абы къыщIигъэлъэгъуащ зэфIэкIышхуэ зэриIэр, лэжьыгъэм зэрыхуэзэнжьыр. Гъумар псом хуэмыдэу фIыуэ илъагъурт щIыуэпсыр, мэзхэр, къурш уардэхэр. Ар наIуэ кьэхъащ Къущхьэр республикэм мэз хозяйствэмкIэ и министр хъуа нэужь. Абы и фIыгъэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щIыIэ лъэпкъ заповедникыр кьызэрагъэпэщащ.

Апхуэдэу зэфIэкIыжыуэ иIэу дунейм тетащ зэкуэлI щэджащэ Къущхьэ Гъумар. Сэ си нэгу щIэкIащ абы и лэжьыкIэр, цIыхугъэу хэтыар. Ар нэхъыжьхэм я чэнджэщи едаIэрт, нэхъыщIэхэми ядекIурт, дэркIэ щапхъэт, ныбжьыгъуэм яхуэпэжт.

- Къущхьэ Гъумар яхьизобкэ ди жьлэжьым кьыдэкIа лIы щэджащэ нэхъ цIэрыIуэхэм, - жеIэ Зеикъуэм и нэхъыжь Iумахуэхэм ящыщ ЩэфIищIэ Мусэбий. - Ар илъэсищэ екIуэкIам ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм кьыщалъхуахэм акъылкIи, лIыгъэкIи, щIэныгъэкIи, щыпкъагъэкIи, цIыхугъэкIи яфIэкIыу щытауэ кьыхьщIо хъу. Гъумар зэзгъэщхьыр зыхуэдэ щымыIа ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIыгъэщ.

Арэзы утехъуэ хъуну кьыщIэкIынщ а дадэ Iумахуэм жиIахэм. Сэри апхуэдэущ ар зэрыгъущIыхуу щытар. Илъэс зыбжанэ хъуащ Гъумар дунейм зэрехьажрэ, ауэ ар зыщIыхуу щыта псоми иджыри фIыкIэ ягу кьагъэкIыж. Зэи щыгъупщэнукъым а цIыхуу щэджащэр Къущхьэ я унагъуэмэ - и щхьэгъусэ Тамарэ, и къуэ Олег, ипхъу ФатIимэ, къуэрыпхъу-пхъурыпхъу цIыкIухэм.

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Москва и Уг Плъыжьым деж фэеплъ сурэт щIэзэтригъэхащ. *1966 гъэ*

Ипхъу ФатIимэрэ и щхьэгъусэ Тамарэрэ и гъусэу Сочэ зыщIегъэпсэху. *1972 гъэ*

ДызыхуэкIуэ илъэсым и бюджетым тепсэлъыхьын щIадзэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, узыншагъэр хъумэныжьмкlэ комитетым и унафэщI **Иванов Игорь** Президиумым щэтхэр щыгъуазэ ищIащ - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и яныкъуэ закон актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр.

«Унагъэр, анэр, адэр, сабийр хъумэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 21 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным тегущыIэ КъБР-м и законым и проектым тепсэлъыхьащ Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джэш Фатимэ**. Абы зэрыжиIамкlэ, КъБР-м сабий ныкъуэдыкъуэу 4397-рэ щатхащI, абыхэм ящыщу 418-р IэрызехьэщI. Апхуэдэ сабийхэр зэрызэрахьэм папщIэ зэрыдэлъэныкъуэ ахъшэм 2003 гъэ лъандэрэ хагъэхъуакъым икIи мы зэманым ар маззэм сом 200 хьууэ аращ. Доклад зыщIам кьыхьилъхьа законпроектым ипкъ иткIэ сабий Iэрыныкъэхэм якIэлъыплъхэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр маззэм сом 1000-м нэгъэсын хуейуэ кьагъэув.

Экономикэ политикэмкlэ комитетым и унафэщI **Малкаров Тимур** Президиумым и зэIущIэм кьыщыхилъхьащ 2009 - 2011 гъэхэм КБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм якIэлъыплъхэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр маззэм сом 1000-м нэгъэсын хуейуэ кьагъэув.

Экономикэ политикэмкlэ комитетым и унафэщI **Малкаров Тимур** Президиумым и зэIущIэм кьыщыхилъхьащ 2009 - 2011 гъэхэм КБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм якIэлъыплъхэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр маззэм сом 1000-м нэгъэсын хуейуэ кьагъэув.

Щыгъуэ зэфIэкIыжыуэ иIэу дунейм тетащ зэкуэлI щэджащэ Къущхьэ Гъумар. Сэ си нэгу щIэкIащ абы и лэжьыкIэр, цIыхугъэу хэтыар. Ар нэхъыжьхэм я чэнджэщи едаIэрт, нэхъыщIэхэми ядекIурт, дэркIэ щапхъэт, ныбжьыгъуэм яхуэпэжт.

- Къущхьэ Гъумар яхьизобкэ ди жьлэжьым кьыдэкIа лIы щэджащэ нэхъ цIэрыIуэхэм, - жеIэ Зеикъуэм и нэхъыжь Iумахуэхэм ящыщ ЩэфIищIэ Мусэбий. - Ар илъэсищэ екIуэкIам ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм кьыщалъхуахэм акъылкIи, лIыгъэкIи, щIэныгъэкIи, щыпкъагъэкIи, цIыхугъэкIи яфIэкIыу щытауэ кьыхьщIо хъу. Гъумар зэзгъэщхьыр зыхуэдэ щымыIа ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкIыгъэщ.

Арэзы утехъуэ хъуну кьыщIэкIынщ а дадэ Iумахуэм жиIахэм. Сэри апхуэдэущ ар зэрыгъущIыхуу щытар. Илъэс зыбжанэ хъуащ Гъумар дунейм зэрехьажрэ, ауэ ар зыщIыхуу щыта псоми иджыри фIыкIэ ягу кьагъэкIыж. Зэи щыгъупщэнукъым а цIыхуу щэджащэр Къущхьэ я унагъуэмэ - и щхьэгъусэ Тамарэ, и къуэ Олег, ипхъу ФатIимэ, къуэрыпхъу-пхъурыпхъу цIыкIухэм.

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

● Хэкупсэхэр

Дэтхэнэ зыми

ЩIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ еджакIуэхэм я центрым, Дыкъыпэ Хьэсен зи гуащIым, иджыблагъэ «Кизиловкэ» турбазэм щригъэжьауэ Iуащхьэмахуэ и лъэныкъуэкIэ ящIащIыкIа Дунейпсо туризмэм и махуэм, Унагъуэм и илъэсым теухуа республикэ турист зэхуэс. Абы хэтащ Налшык къалэ, Аргуан, Дзэпыкъуэ районхэм я командэ 19.

ЗэпеуэМ и лъабжьэ нэхъыщхьэр щIыуэпсым тэмэму хущытыныр, лъахэр фIыуэ лъагъуныр ныбжьыщIэхэм яхэпщIынырщ, ахэр хэкуэпсу къэтэтэджынырщ. Зэхъуэхуэм къихьэлIахэм ехьулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ Налшык къалэм физкультурэмрэ спортымкlэ и комитетым и унафэщI **Бузд Беслъэн.**

Алэжь «Азимут» зэгухьанымрэ и унафэщI Этчеев Хьэжмурат зэпеуэр къызэIуихри, командхэр я къалэнхэм ияужь ихьащ.

Я ныбжь еIныгъуэ (5-7-нэ, 9-11-нэ класс) гупитIу гушIуауэ екIуэкIащ зэхъуэхъуэр. НыбжьыщIэхэм гъэугъанэ щыухьа кIамлъэпощхьэпохэр кьыщызэранэжкIи, кьалэн зэхуэмыдэхэр щагъэзэщIэн хуейт, зэман хэхам кьырибудыгу. Зэхъуэхуэм екIуэлIэныгъэ щызыIэрагъэхьэныр еIныгъат я жьыджрагъым, кьарум я мызакъуэу, я щIэныгъэми. Абыхэм жэуап иратын хуейт ущIэ куэдым.

Зэпеуэм и Iыхьэ псори кьыхэзранэжкIа нэужь, ахэр щыхэхуэсащ зэщIагъэста мафIэщхуэм деж икIи уэрэд фестиваль иратъэкIуэкIащ.

НыбжьыщIэхэм кьагъэлъэгъуа зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ зэпалъытыжри, япэ увыпIэр лъысащ Налшык кьалэ дэт етхуанэ курыт еджапIэм и командэм, етIуанэ увыпIэр зэддагуэщащ Хьэсэней кьуажэм дэт 16-нэ, Налшык кьалэ и 21-нэ курыт еджапIэхэм я лIыкIуэхэм.

Ещанэ хьуащ Налшык и 19-нэ курыт еджапIэм и гупыр. Техникэ и лъэныкъуэкIэ нэхъыфIу кьалъытащ Дзэпыкъуэ районым и командэр, я лъэхэм теухауэ нэхъыбэ зыщIэр Налшык и 17-нэ школым и еджакIуэ гупыр.

- Мыпхуэдэ зэхъэзэхуэр илъэс кьэсиграгъэкIуэкI. Зэпеуэ кьудей мыхьэу, апхуэдэ зэхьыхьэм ныбжьыщIэхэр нэхьри гьунэгъу зэхуещI, ныбжьэгъуащIхэр кьагъуэт. Я лъахэм теухуауэ нэхьыбэ кьызэращIэнаи, щIыуэпсыр фIыуэ лъагъуным хуредж, - кьыджIащ техникэ и лъэныкъуэкIэ бжьыпэр зыубыда Дзэпыкъуэ куей командэм и унафэщI, Сэрмакъ кьуажэ дэт курыт еджапIэм туризмэмрэ лъахэр джынымкIэ гъэсакIэу **Махуэ Заур**.

ИпхъшIэкIэ, ныбжьыщIэхэм я нэгу зиужьащ, дрэжэгъуэ ягъэтауэ, зэрыщIыхуауэ зэбгъэдыкъащ. ЕджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ я центрым и дипломхэр ираташ текIуэ командхэм, гупым хэт дэтхэнэми - щIыхь тхылъхэр. Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм ираташ «Эльбрус-К» IофIыкIэ фабрикэм кьыбгъэдэкI саугъэтхэр.

Зэхьэзэхуэм и кьыгъэгъэщIагъэхэм фIыщIэ хуащI мыпхуэдэ кIуэ закъыщIэзыгъэкIуа я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ я центрым и дипломхэр ираташ текIуа командхэм, гупым хэт дэтхэнэми - щIыхь тхылъхэр.

Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм ираташ «Эльбрус-К» IофIыкIэ фабрикэм кьыбгъэдэкI саугъэтхэр.

Зэхьэзэхуэм и кьыгъэгъэщIагъэхэм фIыщIэ хуащI мыпхуэдэ кIуэ закъыщIэзыгъэкIуа я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ я центрым и дипломхэр ираташ текIуа командхэм, гупым хэт дэтхэнэми - щIыхь тхылъхэр.

Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм ираташ «Эльбрус-К» IофIыкIэ фабрикэм кьыбгъэдэкI саугъэтхэр.

НэгъэущI зы кьыгъэгъэщIагъэхэм я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ и центрым и дипломхэр ираташ кьалъэкIуэ закъыщIэзыгъэкIуа я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ я центрым и дипломхэр ираташ текIуа командхэм, гупым хэт дэтхэнэми - щIыхь тхылъхэр.

НэгъэущI зы ахъшэ джэгупIэр зыIэщIэлъым хабзэм щагъэ зэрилъэкъам теухуа протокол ятхащ, ар административнэ жэуапым ирашэлIащ папщIэ. Ахъшэ зэрагъэкIуэ зэгъэзэжу автухэр кьатхъэкIуащ, зыхуэфащэ материалхэр ягъэхьэзырри унафэ пыухыкIа кьащтэн папщIэ су дым ягъэхьащ.

Мы зыгъэпсэхупIэ комплексым зи гугъу тщIа кьэушагъэм ящыщ зэхуэдэ нэхъ япэкIи кьыщыхьащ. Нэгъэбдзыгъаззэм и 12-м гъэ дыдэр ахъшэ джэгупIэу кьагъэсэбэпу кьахутэри зэхуащIыжат икIи абы щыгIэу зэрыджэгу автомату 17 кьатхъкIыат.

НэгъэущI зы ахъшэ джэгупIи Налшык кьалэ Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ административнэ жэуапым ешэлIэным теухуа протокол ятащ.

Коррупцэм ебэныныкIэ телефон линэм кьыбгъэхьа нэгъэущI зы хьыбарым кьыщыгъэлъэгъат Калининым и щIэкIэ щыIэ уэрамым щэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ административнэ жэуапым ешэлIэным теухуа протокол ятащ.

Коррупцэм ебэныныкIэ телефон линэм кьыбгъэхьа нэгъэущI зы хьыбарым кьыщыгъэлъэгъат Калининым и щIэкIэ щыIэ уэрамым щэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ материалхэр ягъэхьэзырри унафэ пыухыкIа кьащтэн папщIэ су дым ягъэхьащ.

Мы зыгъэпсэхупIэ комплексым зи гугъу тщIа кьэушагъэм ящыщ зэхуэдэ нэхъ япэкIи кьыщыхьащ. Нэгъэбдзыгъаззэм и 12-м гъэ дыдэр ахъшэ джэгупIэу кьагъэсэбэпу кьахутэри зэхуащIыжат икIи абы щыгIэу зэрыджэгу автомату 17 кьатхъкIыат.

НэгъэущI зы ахъшэ джэгупIи Налшык кьалэ Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ административнэ жэуапым ешэлIэным теухуа протокол ятащ.

Коррупцэм ебэныныкIэ телефон линэм кьыбгъэхьа нэгъэущI зы хьыбарым кьыщыгъэлъэгъат Калининым и щIэкIэ щыIэ уэрамым щэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ материалхэр ягъэхьэзырри унафэ пыухыкIа кьащтэн папщIэ су дым ягъэхьащ.

Мы зыгъэпсэхупIэ комплексым зи гугъу тщIа кьэушагъэм ящыщ зэхуэдэ нэхъ япэкIи кьыщыхьащ. Нэгъэбдзыгъаззэм и 12-м гъэ дыдэр ахъшэ джэгупIэу кьагъэсэбэпу кьахутэри зэхуащIыжат икIи абы щыгIэу зэрыджэгу автомату 17 кьатхъкIыат.

НэгъэущI зы ахъшэ джэгупIи Налшык кьалэ Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ

Ахъшэ джэгупIэхэр зэхуащIыж

КОРРУПЦЭМ ебэныныкIэ хуэунэтIауэ КъБР-м и Президентым и деж къыщыIэрагъэпэща телефон линэм кьагъэхьа хьыбарым и пэжыпIэр щIэзэхагъэкIым, Налшык кьалэм и УВД-м и лэжьакIуэхэм Байсултановымрэ Тэрэкьуэмрэ я уэрамхэм я зэхэкIыпIэм хуэзэу тет «Таджмахал» нэгъэщIыжьыпIэ комплексым и пшпхэм ящыщ щыкъащагъэутащ. Абрэм кьемыязгъэщу ягъэлажьэ ахъшэ зэрыджэгу автомат 24-рэ. ЩIэхуу лажьэ ахъшэ джэгупIэр зыIэщIэлъым хабзэм щагъэ зэрилъэкъам теухуа протокол ятащ, ар административнэ жэуапым ирашэлIэн папщIэ. Ахъшэ зэрагъэкIуэ зэгъэзэжу автухэр кьатхъэкIуащ, зыхуэфащэ материалхэр ягъэхьэзырри унафэ пыухыкIа кьащтэн папщIэ су дым ягъэхьащ.

Мы зыгъэпсэхупIэ комплексым зи гугъу тщIа кьэушагъэм ящыщ зэхуэдэ нэхъ япэкIи кьыщыхьащ. Нэгъэбдзыгъаззэм и 12-м гъэ дыдэр ахъшэ джэгупIэу кьагъэсэбэпу кьахутэри зэхуащIыжат икIи абы щыгIэу зэрыджэгу автомату 17 кьатхъкIыат.

НэгъэущI зы ахъшэ джэгупIи Налшык кьалэ Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №57-м къыщагъэтащ. Ар къыщIэзыгъэпщащ

Щхьэхуитыныгъэр ягъэнэхъыщхьэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Нобэ дыщIызэхуэсар ди къуэш абхъазхэм я махуэшхуэр ядэдгъэльэпIныращ, абы къыдэкIуэуи Къэнжал зауэр зэриухуар илъэс 300 зэрырикъум, Осетие Ипщэмэ Абхъазымрэ хамэ уиныдж щIэмыт республикэхэу къызэралытам я щIыхькIэ зекIуэ щыIахэм я зэфIэкIыр хэIуцIыIу щIыныращ, ахэр гъэпэжэныращ. Шууейхэм вжьзоIэ: лъэпкъыр вгъэлъапIащ, вгъэгушхуащ, Тхьэм фыхущIигъэхьэ, фи лIыгъэр ди щIэблэм щыIахэм апхуэдэ псалъэхэмкlэ захуигъаззэри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд** батырыбжьэр шууейхэм я нэхъыжьым ЕщIигъуваращ.

ЦIыкIэнныкIэу **Хьэхъупащ Амырхан** зекIуэлIхэм уэрэд дахэ яжриIа ныжь, **Бекъшокъуэ Алексей** шууейхэм яритащ Абхъазым щыIэуахэм я зэгухьныгъэм «Пэсм и пэнапэ» зыфIаща и ЩIыхь тхылъхэмрэ абыхэм ящыгъуэ медалхэмрэ.

Къэбэрдендзэр Къэнжал зауэм зэрыщытекIуэр илъэс 300 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыным теухуа Iуэхугъуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдаIыгъам кьыхэкIыу, а дамытэхэр хуагъэфащащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, абы и чэнджэщэгъу Думэн Хьэсэн, республикэм и унафэщIым и Администрацэм и Iэтащхьэ Къэжэр Альберт сымэ.

Апхуэдэ дамыгъэхэр кьыбгъэдэкIащ Афганистаным щыIэуахэм я урысейпсо зэгухьэныгъэмэ. Ахэр хуагъэфащащ зекIуэр кьызэгъэпэщыным хэлIыфIыхьа хьэрычэтыщIэхэм, фермер хозяйствэхэм, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм, мы Iуэхум тетхьыха журналистхэм.

Адыгэхэм игъащIэми кьадекIуэкI хабзэм тету гъуор щэнейр джа ныжь, кьагъэщIэрэщIэжу а махуэм кьызгъуэхьажа фэеплъым уд гъэгъахэр трагъэльащ, иужькIэ щIалэгъуалэм джэгур яублащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Бекъшокъуэ Алексейр Тхъэгъэлэдж Тимуррэ шууейхэм я гъусэу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ. *Сурэтхэр* **КАЮДИН Евгений** *тригъащ.*

● Индием кьратхыкI

Дуней жэнэту кьыдолъытэ

Зыгъэпсэхугъуэ пIалъэхэм ящыщ зым Шэджэм псыкьелъэхэм - дунейм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэу зэ тлъэгуам языхэзым зыIплъыжьаKIуэ дыз эрашар зэи тщыгъупщэжьыкъым. Дигуми ди псэми кьабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхудощI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIыхухэм кьыдаха хьэщIагъэ лъагэм папщIэ. Ди гуапэу дохъуэхъу шахмат чемпионатыр фIы дыдэу кьызэзыгъэпсэлъэн. ГъэIэм фигъэпсэу вжьдоIэ псоми! Налшык кьалэ дахэм иджыри мызэ-мытIэу дынкIуэну дыщогуръ».

МЕЧИЕВ Асхьат.

Шахматымкlэ бзылъхъуГъэхэм я чемпионату Налшык щекIуэкIам нэхъыфIу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщ, домбекъ медалыр зыхуагъэфэща индианкэ Конеру Хампи и гуапэу игу къегъэкIыж Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIа махуэхэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щIыуэпс дахэр, щыпсэуэм яхэль хьэщIагъэмрэ щIыхуГъэмрэ гуимыхужь ящыхъуащ Хампирэ абы и гъусэу Налшык щыIа и адэ Конеру Ашокрэ. Абыхэм я гурыщIэхэр кьыщIэуатэ тхыгъэ иджыблагъэ къэкIуащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и деж.

«Абы щыгъуэ дэ Налшык япэу дыщыIауэ арат, - кьратхыкI Индием. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм деж дэ щыхуэр гуапэу кьыщытIущат, а щIыналъэм зэрыщыхабзэм тетуи фо мазъ сымэ фалъэ кьытIэщIагъэуват. Чемпионатыр екIуэкIыу республикэм щыдгъэкIуа махуэхэр зыхуэдэ щымыIэу тэнтшу икIи гупсэхуу щытащ.

Зыгъэпсэхугъуэ пIалъэхэм ящыщ зым Шэджэм псыкьелъэхэм - дунейм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэу дз тлъэгуам языхэзым зыIплъыжьаKIуэ дыз эрашар зэи тщыгъупщэжьыкъым. Дигуми ди псэми кьабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхудощI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIыхухэм кьыдаха хьэщIагъэ лъагэм папщIэ. Ди гуапэу дохъуэхъу шахмат чемпионатыр фIы дыдэу зэзгъэпсэлъэн. ГъэIэм фигъэпсэу вжьдоIэ псоми! Налшык кьалэ дахэм иджыри мызэ-мытIэу дынкIуэну дыщогуръ».

МЕЧИЕВ Асхьат.

●КъБР-м и Прокуратурэм

Хабзэм къеззгъыркъым

ЛэжьакIуэхэм кьулыкъукIэ кьыхуагъэувэр ягъэзэщIэныгъэ зэныкъуэкъуэр зэблэгъэтэрыкIыныкIэ комиссиэм и теухуауэ КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым кьыдигъэкIа унафэм КъБР-м и прокуратурэр арэзы зэрытемыхуам кьыхэкIыу, а документыр федеральнэ законодательствэм кьигъэувэм ирагъэкIуащ.

Ищхьэкlэ кьыщыгъэльэгъуа комиссэхэр кьызэрагъэпэщ «Къэрал граждан кьулыкъум и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым тету икIи абыхэм хагъахьэ хуейщ лэжьапIэр зытым и лIыкIуэр е абы зыхуэфащэ полномочиехэр зыбгъэдилъхьа граждан кьулыкъущIэр (граждан кьулыкъумрэ кадрхэмрэ я Iуэхуэмкlэ Iэнатlэм, юридическэ (правовой) Iэнатlэм, зэныкъуэкъур зыхуэгъэза Iэнатlэм и зы пэныкъуэу щыт граждан кьулыкъущIэм и граждан кьулыкъур щыхьэкI Iэнатlэм я лIыкIуэхэрт хэIу). Кьэрал кьулыкъур унэтIныныкIэ органым и лIыкIуэр, апхуэдэу щIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхущапкlэхэм, нэгъэущI Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр. Иужьрейхэр лэжьапIэ зытым кьыхэзгрифыуэм тету кьэрал кьулыкъур унэтIныныкIэ органым кьрегъэблагъэ граждан кьулыкъум пыщIа Iэщ IагъэльэлIу кьигъэсэбэпын папщIэ. Апхуэдэхэм я щIэ-унэцIкIэр, щылажьэ щIыпIэр, нэгъэущI Iуэхуэхэр кьагъэльагъуэрыкIын. Зыми и лэжьэмыт экспертэхэр комиссэм хэт псоми я Iыхьэ пIанэм нэхъри мэпсэу щытын хуейщ.

Федеральнэ законым кьигъэув апхуэдэ Iуэхуэм кьемызэгъыу, к омиссэм хагъахьа эксперту тIум я щIэ-унэцIкIэр, я лэжьапIэмрэ я яныгъ кьулыкъухэмрэ, абыхэм ехьэлIа адрей Iуэхуэхэр кьагъэльагъуэ.

Апхуэдэ мызыужьыщIагъэр прокуратурэм коррупцэм пэщIэтыныкIэ законодательствэм кьигъэувэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьыщIагъэщауэ щытащ.

Iуэхущапкlэр кьыщапщытэм наIуэ хьэуащ мы бабы лабораторэ-диагностическэ экспертизэ Iуэхуэм гъэзэщIагъэуэ льандэрэ ахэр законым кьемызэгъэпыу кьызэрыщагъэсэбэпыр. Мы Iуэхущапкlэм лаборат орэ кьэпщыгъэныгъэхэр, диагностикэ Iуэхуэр щрагъэкIуэкI, электрокардиограммэ щытрах щхьэкIэ, а лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр ибэм къэс кьэзыIахакъым.

«ЯзныкIуэу лэжьыгъэ лIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр зэрат щыкIэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым, «Медицинэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр зэрат щыкIэм теухуа ипкъ ложеныр кьэщтэным и Iуэхукlэ» УФм и Правительствэм 2007 гъэм щIышIэм и 22-м кьыдигъэкIа унафэ № 30-м апхуэдэу кьезэгъыркъым лаборатн Iэщ Iагъэм прилажьэ зэрыхъунымрэ теухуа документ зимыIэ щIыхэр, езым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм кьыдэкIуэу, мы Iэнатlэри зэдилъхьыну зэрагъэувар.

Ищхьэкlэ кьыщыгъэльэгъуа аныкъусаныгъэхэр кьызэригъэхъуам кьыхэкIыу, Налшык кьалэм зэзгъэкIуж и судыщIэм и унафэкlэ амбулаторэм и Iэтащхьэр административ нэ жэуапым ирашэлIаш икIи абы ахъшэкlэ етыкъэкуащ. Кьалэм и прокурорым абы хуигъэуващ амбулаторэм и лэжьыгъэм хэть ныкъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжыну.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

УнафэщIыр жэуапым ирашэлIащ

Налшык кьалэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм кьыщIагъэщащ язныкъуэ лэжьыгъэ лIэужьыгъуэхэм папщIэ лицензэ кьеIыжьын зэрыхуэм теухуа хабзэр Iуэхущапкlэ щхьэхуэ хэм кьызэрыщIэзэпаудыр. Кьапщтэмэ, Белэ Ревкэ кьуажэм дэт амбулаторэ зэранэжкIа нэужь, ахэр щыхэхуэсащ з

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Зы ильэскІэ

● Дзэ къулыкъу

Жэпэугъуэм и 1-м Урысейм щыщІадзащ зи ныбжь нэсахэр дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ гъэкІуэным. Зы ильэскІэ я къыдэлэжьыр ягъэзэщІэнчу зыхуэфащэхэм. Дзэм зыгъакІуэ комиссэхэр мазищкІэ - дыгъэгъазэм и 29-м нэсыхукІэ - лэжьэнущ.

ПРЕЗИДЕНТЫМ и указым къыщыгъэзэгъуащ цІыху мин 219-рэ ираджэну. Хабзэм ипкъ иткІэ, къулыкъ ящІэн хуейщ зи ныбжьыр ильэс 18-м къыщыщІадзауэ ильэс 27-м нэс цІыхухэм.

Іэщэкіэ зэщІэузэда къаруухэм я штаб нэхъыщхьэм и къудамэм и унафэщІ генерал-полковник Смирнов Василий жиІащ къезыджэ комиссэхэм щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэкіэ я унафэщІу зэрыщытыр. Мы зэманым ЗыхъэжмэжыныгъэмкІэ министерствэм и лІыкІуэхэм къалищыта дзэм ираджэхэр щрагъэблагъэ, гъэугу щытрагъэхьэ Іэнатіэхэр.

Смирнов Василий и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, 2009 гъэм и гъатхэм дзэм ираджэнущ куэдкІэ нэхъыбэ. Мы зэманым хэухуакІэщ щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэу армэм ящІэн хэм я бжыгъэр. Илъэс и пэкІэ ар процент 13,5-рэ хъууэ щытащ, гъатхэ кІуам процент 21,5-м щхьэпрыкІащ.

Арщхьакіэ офицерэр арэзыкъым ныбжьыщІэхэм я узынышагъэр зыхуэдэмкІэ. Псалъэм и хьатыркІэ, мы хьэбзэ гъэм и гъатхэм дзэм ираджа дэтхэнэ ещанэри къулыкъ щІэным ешам и узынышагъэмкІэ хуэхъэзыщІыным. НэгъуэщІу жыпІэмэ, аэр хьэуа десахэм, тенджиз пЫасы рыкІуэдзэхэм, сыт щыгъуи хьэзыр къаруухэм яхэбгъахъэ хъунутэкъым. Апхуэдэ «зэуэлІхэр» ирикъуу щагъэшэн мащІэ хъуащ. Ар елъытауэ къыщІэкІынущ къулыкъ зэращІэ пІалъэр зэрагъэмэщІам. Нэгъабэ цІыху мин 12,5-м щІэныгъэкІуам, мы гъэм а бжыгъэр зэрыхъужыр мин 5,8-рэщ. Генералым апхуэдэу кьелъыта альтернативэ къулыкъу щІэкІэр Урысейм щІагъэуцу щыпхьмэныкІыу. Мы зэманым апхуэдэ къулыкъу зыщІэр цыху 914-рэщ.

А псоми къаІэщІу Зыхъэмэжныгъэмкіэ министерствэм щаубэхьауащ дзэ комиссариатэхэм Іупльхьэ къыІэхыным зэрыщыпэщІэтыну Іэмалхэр. Гъатхэ кІуам къриубыдэу дзэ прокурорхэм сэтей къащІащ коррупцэм пыщІа щІэпхьаджагъэу щам щІигъу. Мы гъэм дзэм щраджану пІалъэр хуагъэІэпэуэнукъым илъэсищ ныбжьым нэмыса сабийхэр зиІэ цІыхухэм. Апхуэдэу ираджэнущ адэ-анэм ешыхэм нэмыщІ илъэсийм нэмысиауэ бынитІ е нэхъыбэ яІэу щытми. Правительствэм зэриубыхьуам тету, ягъэута Іэщ щІагъэхэмкІэ къэрал Іуэхущ щІапІэхэм лэжьапІэ пэрыувахэри, зи щхьэгъусэхэр зэрыуэндэгъуэр тхьэмахуэ 26-м нэмыса лІыхэри дзэ къулыкъым ираджэнущ. Къулыкъу ящІэн хуейщ педагог щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэу къуажэ школхэм щылажьэхэмри.

Ауэ къулыкъу щащІэну пІалъэр мы гъэм зыхуагъэІэпхъуэхэри щыІэщ. Зи ныбжьыр ильэси 3-м нэмыса сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыуэндэгъуэр тхьэмахуэ зэхуаку 26-м щигъуэ щхьэгъусэхэмрэ зэІэзэрагъэуэнкъым.

ФАЛАЛЕЕВ Михаил.
«Российская газета».

**НэгъуэщІ къэралыбзэр зыщІэм псори нэ ІейкІэ иопль. Псом хуэмыдиу лэжьакІуэ къэзыщтхэр. Абы къыпыкІуэ дыдэу хищІыкІыу. «Къэрлажь» инджылызыбзэр, иэмыцІбзэр е испаныбзэр щыІэ программэхэм къыщыгъэльэгъуа мардэхэм ефІэкІыу зыгъэпэрыуэхэм пщІэнхуэ къыщыхъащІ компание кУэдым, Іэнатіэ къэзытыр ящІэнхуэр къулыкъкІэ нэхъ псынщІэу дрегъэкІуей. «Известия» газетым и редакцэр хущІэкъуащ сыт хуэдэ нэгъуэщІ къэралыбзэр школадкІуэхэм нэхъ къахуэщхьэпэнуми зэхигъэкІыну.

КГБ-р ЦРУ-м текІуэрт

● Тхьидэ

КГБ-р (Къэралым щынагъуэщнагъэмкІэ и комитетыр) нтъэс 74-кІэ щыІащ. Пэжщ, а зэманым къриубыдэу абы и щІэр ящхьэрэ яхъуэжащ, ауэ сыт хуэдэ щІэ зэримыІыкІри, зэрыщыІа зэман псоми мы органым мыхьэнэшхуэ нІэу щытащ. Пэжщ, нэхъапэхэм абы щыгъэжьахэм куэду яхэтащ мыхьэмыщІагъэ нихэр зыдэжьахэр. Абы щыхуэбгр щыщтэри, упэщІжъуэ, кІэ уиІэу къатьитэу. Ауэ Хэку зауэшхэм я зэманми, абы и уэжьыкІи КГБ-м ІуэхутэкъуэфІу нгъэзэщІар мащІэкъым. Абы и пІасхъэщхъэм нэгъуэщІ къэралхэм я щхэу куэд къащІэфІыр т, ди унафэщІхэм, еджагъэшхуэхэм хьыбар кърагъашІэрт.

1947 ГЪЭМ -зауэ щыІэмышыщІндзэм США-м къыщыщІагъэпэщ ЦРУ-р (Центральнэ Пасхъэщіэ управленэр). Президент Трумэн Гарри абы и къаруу нэхъыщхьэр хуеунэтІ СССР-м Іэщэ къыщІэтъэкІыным елэжьи и еджагъэшхуэхэм щІэныгъэм щІэуэ къыщІахутэхэр къыщІэнным икІи зэрыгъэзэщІам. Нэгъабэ цІыху мин 12,5-м щІэныгъэкІуам, мы гъэм а бжыгъэр зэрыхъужыр мин 5,8-рэщ. Генералым апхуэдэу кьелъытэ альтернативэ къулыкъу щІэкІэр Урысейм щІагъэуцу щыпхьмэныкІыу. Мы зэманым апхуэдэ къулыкъу зыщІэр цыху 914-рэщ.

А псоми къаІэщІу Зыхъэмэжныгъэмкіэ министерствэм щаубэхьауащ дзэ комиссариатэхэм Іупльхьэ къыІэхыным зэрыщыпэщІэтыну Іэмалхэр. Гъатхэ кІуам къриубыдэу дзэ прокурорхэм сэтей къащІащ коррупцэм пыщІа щІэпхьаджагъэу щам щІигъу. Мы гъэм дзэм щраджану пІалъэр хуагъэІэпэуэнукъым илъэсищ ныбжьым нэмыса сабийхэр зиІэ цІыхухэм. Апхуэдэу ираджэнущ адэ-анэм ешыхэм нэмыщІ илъэсийм нэмысиауэ бынитІ е нэхъыбэ яІэу щытми. Правительствэм зэриубыхьуам тету, ягъэута Іэщ щІагъэхэмкІэ къэрал Іуэхущ щІапІэхэм лэжьапІэ пэрыувахэри, зи щхьэгъусэхэр зэрыуэндэгъуэр тхьэмахуэ 26-м нэмыса лІыхэри дзэ къулыкъым ираджэнущ. Къулыкъу ящІэн хуейщ педагог щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэу къуажэ школхэм щылажьэхэмри.

Ауэ къулыкъу щащІэну пІалъэр мы гъэм зыхуагъэІэпхъуэхэри щыІэщ. Зи ныбжьыр ильэси 3-м нэмыса сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрыуэндэгъуэр тхьэмахуэ зэхуаку 26-м щигъуэ щхьэгъусэхэмрэ зэІэзэрагъэуэнкъым.

Ауэ къулыкъу щІэныгъэ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 2-м

@1945 гъэм Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщыІэІуахащ.

@1951 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щыІэ ар тист, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щыхубэ артист, узэрэжьаІэкІуэ щэрыІуэ, къэрал лэжьакІуэ **Тут Заур**.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 3-м



@Илъэс 75-рэ ирокъу (1933) Къэбэрдей-Балъкъэрым узэрэдымрэ къафэмкІэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрызэрагъэпэщэ. @Шэрджэс тхакІуэ Шэрджэс ФатІимэ къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 4-м

@Урысейм и Зауэ-хьэрш къарухэм я махуэщ.

@1957 гъэм СССР-м Дунейм щыяпэу Щым и Іэрыщ спутникыр иутыпщащ.

@1986 гъэм къызэрагъэпэщащ «Іуащъхьмахуэ» къэрал лъэпкъ паркыр.

@Урысей Федерацэм и МЧС-м и махуэщ

@ПсэущхьэхэмІ я дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 5-м

@1917 гъэм Налшык, Владикавказ округхэм я лІыкІуэу Советхэм я ЕтІуанэ урысейпсо съездым **Киров Сергей** ягъэкІуат.

@1990 гъэм Адыгэ Республикэр къэунэхуащ

@1957 гъэм къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзэмыхь Къасболэт**.

@ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 6-м

@ 1768 гъэм Тыркум Урысейм зауэ кърищІылІащ. Урыс-тырку зауэм щІидзащ.

@1917 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и щыхубэ артист **ТІыхьужь Алий**. 1995 гъэм дунейм ехыжащ.

@Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

@ПсэупІэм и дунейпсо махуэщ

@Урысейм и страховой агентым и махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 7-м

@1918 гъэм **Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч** и дзэм Налшык иубыдащ.



@ 1952 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и ТІыдзыпІэм и Іэтащхьэ **Путин Владимир**.

@Письмом и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 8-м

@1860 гъэм Бахьсэн щыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.

@И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЭекІуэхьу Увыжькъуэ**.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 9-м

@Актрисэ **ТыІэщ Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

@Пощтым и дунейпсо махуэщ

● Махуэгъэпс

Дызэрыт мазэм

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 10-м

@1910 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ тхакІуэ **Щомахуэ Амырхьан**. 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

@Психикэ узынщагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 11-м

@1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр тхыльтеджапІэм кыдигъэкІащ «Іэщэр кафщтэ» усэ тхылъыр.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 12-м

@1897 гъэм Урысейм щыяпэу футбол зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ.



@Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъы промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 13-м

@1884 гъэм зэманыр Гринвич меридианым техуэу ягъэуващ.

@1904 гъэм Тэрч-Кубань полкым хыхьэ адыгэ сотням хэтхэм зыкъыІэтащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 14-м

@Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгуанэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, режиссер **Темрокъуэ Римм** къыщалъхуа махуэщ.

@Стандартизацэм и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 15-м

@1814 гъэм къалъхуащ урыс усакІуэ, тхакІуэ щІэрыІуэ, адыгэхэм я ятетхыхьа **Лермонтов Михаил**. 1841 гъэм ПсыхуІабэ Мэшыкъуэ бгы лъапІэм деж щауакІащ.

@1935 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ артист, Абхъазым и щыхубэ артист **Мысоостышхуэ Пщыэбий**.

@1940 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, драматург **ІутІыж Борис**.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 16-м

@1917 гъэм къалъхуащ Хэку заузшхуэм жыджэру хэта, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Къардэн Бубэ** 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

@1991 гъэм Налшык къыщыІэуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфІхэм я съездыр.

@Ерыскъым и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 17-м

@1905 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэр зэхьихьащ.

@И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъШКЪУ-м и профессор **Токъуэмыщ Хьызыр**.

@Къулейсызыгъэмебэныным и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 18-м

@1941 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент, къэрал лэжьакІуэ, политик **КІуэкІуэ Валерий**. 2005 гъэм дунейм ехыжащ.

@И ныбжьыр илъэс 50 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емкъуж Лиуан**.

@ **Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

@Ерыскъы промышленностым и лэжьакІуэхэм я махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 20-м

@И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Кьушхэ Хьусен**.

@И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и ухуакІуэ **Хьэжы Руслан**.

@2000 гъэм Щэджэм поселкэр къалэ ящащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 21-м

@Илъэси 175-рэ ирокъу (1833) химик, динамитыр япэу къэзыгупсыса, Ноблей саугъэтыр зыгъэува **Нобель Альфред** къызэралъхуэр. 1896 гъэм дунейм ехыжащ.

@И ныбжьыр илъэс 45-рэ мэхъу Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и дохутыр, КъБР-м и Парламентым и депутат **КІуэкІуэ Асльэн**.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 22-м

@1841 гъэм къалъхуащ адыгэ узэщІакІуэ щІэрыІуэ **ХьэтІохьщокъуэ Къазий**. 1899 гъэм дунейм ехыжащ.



@1929 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд**.

@И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор КъБКъМА-м и профессор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Уэлджыр Мушэхьид**.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 24-м

@Илъэси 115-рэ ирокъу 1921-1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІу щыта, къэрал лэжьакІуэ, политик **Кьалмыкъ БетІал**къыщызэралъхуэр. 1940 гъэм дунейм ехыжащ.

@1945 гъэм ООН-м и Устав ыр къащтащ.

@Льэпкъхэм я Зэгухьэныгъэм и Организацэм (ООН-м) и махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 25-м

@1653 гъэм Урысейм таможеннэ Іэнатіэ къыщыдзэрагъэпэщащ.

@Урысей Федерацэм и таможенникым и махуэщ

@И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мырзэкъан Суфьян**

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 26-м

@Щымахуэ зэманым дыхуокІуэ

@Автомобиль транспортым и лэжьакІуэхэм я махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 27-м

@1940 гъэм Налшык къыщыІэуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 28-м

@1942 гъэм Дзэ Плъыжьым Налшык къыгъэнащ.

@1944 гъэм Дзэ Плъыжьым Украинэр хуит къыщІежащ.



@ 1900 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей литературэм и льапІэ-бжьыр зыгъэтІыльа икІи и классик **ЩоджэнцІыкІу Алий** 1941гъэм Бобруйск щыІэ нэмыцэ гъэрпІэм и лІыхьащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 29-м

@1996 гъэм Петр I и жэрдэмкІэ Урысей флотыр къызэрагъэпэщащ. 1943 гъэм Налшык ФЗО школ къыщыІэуахащ.



@ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и артистка **Балъкъэр Тамарэ** илъэс 60 ирокъу.

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 30-м

@1711 гъэм къэбэрдей дзэ гупым Мурад-Сультан зи пашэ тыркудзэр хигъэщащ.

@Политикэ Іуэхукіэ зэхэзэхуэн ящаехэм я фэеплъ щхьэщ

ЖЭПУЭГЪУЭМ И 31-м

@1952 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и къэрал лэжьакІуэ, етІуанэ рангым и къэрал чэнджэщэгъэу **Хьупсырокъуэ Назир**

МЫ ГЪЭМ:

@Илъэс 425-рэ и пэкІэ (1583) къэбэрдейхэмрэ кьэзакъхэмрэ Сунжэ псым и деж Уэсмэн-пашэ зи пашэ тырку-кырымыдзэр щызэтракъутащ.

@Илъэс 285-рэ и пэкІэ (1723) кьрым хьан **Кьаплъэн-Джэрий** дзэр Къэбэрдейм кьэтечуащ. Адыгэхэм хьаным и дзэр зэхакъутащ, щыху минитхэм щІигъу зауэм хаухЫхьащ, куэд дыдэ гъэр яущащ, хьаныр яІэщІэкІащ.

@Илъэси 140-рэ и пэкІэ (1868) Гундэлэн жылагъ уэу тІысащ. Ар зэрэпІысхьа щІыр адыгэхэм (ХьэтІохьущокІуэхэ) ирагащ.

Зыгъэхьэзырар

УГЪУРЛЫ Нурийщ.

● ЩІэ

Налшык щаухуэ

«Гладиатор» спорт клубым и екъулІэныгъэхэм, нэч хэмыльу, куэд щыгъуазэщ. Спортым дихьхь щІалэгъуалэм я лъэ быдэу ныпыкІ, утыкуищхуэ ихьэныкІэ абы эфІигъэкІыр кьыхуэхьэныгъэным хуэдизщ. Абы и къызэгъэщакІуэхэм ныбжьыщІэхэм трагъэкІуадэ зэманри, мылькри, драгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэри ищІэнщхьэм - щІалэхэм мызэ-мытІуэ текІуэныгъэхэр республикэм кьыхуахьащ, щыпІэ куэдым ди хэку цыкІум и цІэр фІыкІэ щагъэІуащ. Псалъэм кьыдэкІуэу жьгІэщи, Пекин Олимпи чемпион щыхьуа ди лъахэгъу Хьущт Асльэнбэчи ящыщщ «Гладиатор» спорт клубым и гъэсэнхэм.

Мы зэманым «Гладиатор» спорт клубым и унэ щащхуэу Лениным и цІэр зезыхь проспектымрэ Балъкъэр уэрамымрэ я плІанэнэм хуэзэу. Зэрыфлъагъуни, унэр инщ, ар и кІуэцІкІи и щыкІи и идыдерей мардэхэм тету ящІ. Анхуэдэуи абы кьекІуалІэ ныбжьыщІэхэр дзыхьхьэ ельытакІэ зыхэдэн яІэн пащІэ, спорт лІэужьыгъуэ нэхьыбэ кьызэщІагъэуфыдзу, абы щыпІэуэми щащагьасэ нэшхэр хуиту, Іэмэпсымэ иеомкІи кьыхэзгъэщащ щытынущ.

СурэтырКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Си фІэщ мэхъу

Сибэч Быхуэ и гукъэкІыжхэр

Урысей Федерацэм и щыхубэ артист Сонэ Мухьэрбий адыгэ лъэпкъ гъуэзджэм хуищІа хэльхьэныгъэр дгъэлъэпІуэ, нобэ фи пащхьэ идольхьэ абы и щхьэгъусэу щыта Сибэч Быхуэ (и ахърэтыр нэху ухъу) илъэси 8 и пэкІэ кьыхсуиІуэтэжауэ щыта и гукъэкІыжхэм ящыщ Іыхьэ:

«СОНЭ Мухьэрбийрэ сэрэ Луначарскэм и цІэр зэрихьэу Москва дэт театр институтым дыщыІэздеджащ. Къэбэрдейм икІа щІалэгъуалэ гупыфІ дыхьурт дэ. Псори дыгъэдэІэпыкъужу, дыдэхуэсакъыжу дыщыпсэурт пщыхьу ди нэгу щІэкІыну димыгугъа щыхьэрышхуэм. Сэ занщІэу гу лъыстауэ щытащ Мухьэрбий нэ лейкІэ кьыІэзэрыІэ-плъым, ауэ абы мыхьэнэшхуэ естауэ щытакъым: зыгуэрым гухэлъ хуэсщІыну иджыри сыхуэхьэзэрткъым - сыщІалэІуэт. Абы кьыдэкІуэуи апхуэдэ гукъыдэж лъэпкъи сиІэтэкъым. Си анэр пасэу дунейм ехьжати, кьыздалъхуа ди нэхъыщІэхэр, щхьэгъусэнщэ хъуа си адэр кьэзгъанэу Москва сыкьыІэрыкІуам сыхущІегъужауэ апхуэдэт. Сыт щыгъуи си гупсысэхэр зэдэщыІэри абыхэм я дежт. Мухьэрбий бэшэчу ежьащ си гулъытэм. Ар сытым дежи щІэгъэкъэуэн, чэнджэщагъэ щыІэ, ар сытым си гурыгъэхэр-ри нэсу зэхищІыкІырт.

«Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ» жьыхуаІэрати, и чэзыр кьэсри дэ тІур зэщхьэгъусэ ящащ дэ. Сэ нэхърэ нэхъ гъащІэ дахэ зиІэ бзыльхугъэ дуней псом темыту кьыслъащхьэ зиІэ щыгъуэм. А зэманыр щІэх дыдэу блэлъэтащ, тІури театрым, гъуэзджэм дыпыщІауэрэ. Щхьэгъусэм уцыштхьэну кьеэзгъэщэркъым, итІани сэ слъэкІынукъым Мухьэрбий фІыуэ хэлъар утыку къизмыльхьэн. ЩІалэ зэкІуж дахэр нэгъэсауэ щІыхуфІт, гу щабэрэ псэ кьабзэрэ зиІэт. Ар куэдым хуэІэкІуэлъакІуэт, ГъуэзджэмщІыщу зыхимыщІыкІ щымыІэ хуэдэт. Пьесэхэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІысфырт, езыми итхуэрыр сценэм щигъэувыжьфырт. Спектаклым ущыдзджэгуну икъукІэ тыншт Сонэм. КьызэрыгуэкІ псалъэхэм псэ яхилъхьэрт и макъ дахэмкІэ, абыхэм я купщІэр, мыхьэнэр зэуэ наІуэ кьыщІыфру. Къыльыса лІыхьужьым и псалъэхэм кьемызэгъ гуэр хэту гу лъитэмэ е зыгуэр иджыри абы «жригъэІэну» хуейм, абыхэм елэжьырт. Пьесэхэр зи Іэдакъэщ Іэкіхэми апхуэдэ лэжьэжІэр уэмм щыІыртэкъым. КьагурыІэрт Мухьэрбий тхыгъэр нэхъри зэрыригъэфІакІуэр.

СощІэж, ди хъыджэбз цыкІу закъуэр иджыри сабий дыдэу дунейм щекьижам щыгъуэ, абы и псэм гухэщІу игъэтар зыхуэдизщ. Сэ сытригъэу щхьэкІэ, езыри гугъу зэрехьыр слъагъурт...

Театрым дыкьыщыдзэуэ зэзэмызэми ди псалъэмакъыр зытеухуар ахэрат: ГъуэзджэрТ, литературэрт, спектаклхэрт. Кьэхъурт ролхэр гъэззэщІэн зэрыхуэей щыкІмкІэ дыщыздзэдзэу, ауэ абы щигъуэми нэхъ тэмэму кьэтІылъэтэм дыкьытеувыІэрти, апхуэдэу тщІырт. Абы и Іуэху еплъыкІэм зыкъыдащІырт театрым кьыщыддэлажьэкІми и ныбжьэгъуэхэми. Ныбжьэгъуэгъэ лъапІэныгъэшхуэу кьиплъэтрт абы езым.

Артист гъэщхьэм лъэпкъ щэнхабзэм кьыщигъэна лъэужьыр щІэх зэррызмыгъуэщэжынур си фІэщ мэхъу. Апхуэдэ зэчий лъагэ зыбгъэдэлъ цыхуэхэр уахътынщІэ».

ЗыгъэкІуар

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэщ.

● Дзэлыкъуэ куей

Льэпкъ зэфІэкІым и фестиваль

Дзэлыкъуэ куейм щекІуэкІащ лъэпкъ творчествэм и фестиваль. Адыгэхэм игъащІэ лъандэрэ къалэм гъэзэгъэрыкІуэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ятеухуауэ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм махущ зэкІэлъыкІуэкІэ щыгъэхэта зэІущІэхэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуащ куейм хиубыдэ къуажэхэм кьыкІа къафакІуэ, узэрэжьаІэкІуэ гупхэм, щыпшыну Іэзэхэм.

ФЕСТИВАЛЫМ хэту къызэрагъэпэщащ выставкэ гъэщІэгъэуэни. Абы щагъэльэгъуащ япэ зэманым адыгэ унагъуэхэм щызэрахьэу щыта хьэпшыпхэр, щымрэ щылмрэ къыхэщІакІа щыгъыныгъуэхэр, нобэ районыр зэрыгушхуэ щыхУ Іэпщ Іэльапщ Іэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр, льэпкъ щхьныгъуэхэр. Адыгэ творчествэм и фестивалыр зэхуащІыжащ къуажэхэм я художественнэ ансамблхэм я концертыщхьэкІ. НэхьыфІу зыкъэзыгъэльэтэуа гупхэм Дзэлыкъуэ куей администрацэм къыбгъэдэкІыу саугъэт льапІэхэр ираташ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Льэпу

Фэеплъ лъапІэ

къыдэгъэкІыныр зи жэрдэмхэм абы тращьакІуэдэну ахьшэр зиту тыкІ цыхуэхэм еІуэ зэхуахьэсыну мурад ящІащ. Абы папщІэ «Бум-Банк» ООО-м счет щхьэхуэ къыщыІэуахащ.

Банкым и реквизитхэр: Налшык къалэм и РКЦ-м щІэнэ корреспондентскэ счет 30101810100000000749, БИК 848327749.

ИНН 0711007268.

ОКПО 09128121.

ОКОНХ 96120.

ОКАТО 83401000000.

ОКОГУ 15001 ОКОПФ 65.

Банкым и юридическэ адресыр: **Налшык къалэ, Нэгумэ Шорэ и уэрам, 62.**

Мы Іуэхуфіым КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыху къызэрыгуэкІэр, хьэрычэтыщІэхэр, жылагъэ зэгухьэныгъэхэр жьыдэжру кьыхьэныгъэхэр зэрыгушхуэ щыхьэ ІэпщІэльапщІэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр, льэпкъ щхьныгъуэхэр, Адыгэ творчествэм и фестивалыр зэхуащІыжащ къуажэхэм я художественнэ ансамблхэм я концертыщхьэкІ. НэхьыфІу зыкъэзыгъэльэтэуа гупхэм Дзэлыкъуэ куей администрацэм къыбгъэдэкІыу саугъэт льапІэхэр ираташ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и администрацэм, профсоюз комитетым, лэжьакІэ псоми гущІыхьэ ящыхъуащ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ **Мамбэт Хьэлим Хьызыр и къуэр** зэрыпІар икІи абы и Іыхьлыхьмрэ и благъэхэмрэ ахуогузавэ.

КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзыр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащъхьмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, Республикэм и полиграфкомбинатым, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, Щоджэнщ ыкІу Алий и цІэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэхэр КъБР-м и щыхубэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Іуащъхьмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **ІутІыж Борис Куэдей и къуэр** хуогузавэ абы и пхъурыльэу **Зулий** зэрыпІам кьыхэкІыу.

ТІурытІу загуэш

Курп Ипщэ кьуажэм и пенсионерхэм я Советыр жьгІэжру хэту щІалэгъуалэр гъэсэным.

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ и унафэщІ Гувэжкъуэ Хьэмтім ІакъэщІыгуаэзэ дыдэзэрищІымкІэ, мы гъэ ещанэгъуэщІэм ирихьэлІэу нэхъыжьхэм цыхуэ тІурытІу загуэшащ, школакІуэхэм зэрадэлэжьэныр ящІэзу. Ахэр кьуажэ школым щІэх-щІэхьу кІуэурэ сабийхэм я ныбжьыщІэхэм псэунытэгъэ, щэнхабзэм, тхыдэм теухуа псалъэмакъ щкьэпэхэр драгъэжІэкІынущ.

Мы зэманым Курп Ипщэм зи Іуэху хуэмыщІа пенсионеру 16 хуэдиз дэсщІ, ахэр Советым и жьауэм щІэту: пІалъэ пыухыкІам тету абыхэм яльоГуаэз, я Іуэху зытет зэрагьащІэ, медицинэ дэІепыкуныгъэр хущхьуэрэ хуэныкІыхэхэр ягъэбелджыльы.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч куей

Мы зэманым Курп Ипщэм зи Іуэху хуэмыщІа пенсионеру 16 хуэдиз дэсщІ, ахэр Советым и жьауэм щІэту: пІалъэ пыухыкІам тету абыхэм яльоГуаэз, я Іуэху зытет зэрагьащІэ, медицинэ дэІепыкуныгъэр хущхьуэрэ хуэныкІыхэхэр ягъэбелджыльы.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъэунэ Резуан япэ йощ

● Шыгъажэ

Налшык и ипподромым иджыблагъэ щекІуэкІа шыгъажэм щагъэгъуауэ щыта саугъэтхэм псори зэгъусэу шы 37-рэ щІэбэнащ.

ШЫГЪАЖЭР кьыхэуахащ ерыскъыкэхэ промышленностым и лэжьакІуэхэм я саугъэтымкІэ. Абы щІэбэнащ ильэситі зи ныбжь шыхэр. Метр 1400-м щыІэзэпеуахэм ятекІуащ «Налшык» хьэлвэ щащІ заводым и Алгъыш шыр, Пшыуэ! Амир зытесар.

Налшык ипподромым и рекорд зыгъэувауэ щыта, Бельгием и шым и саугъэтым щІэбэнащ ильэситІ хъу щитху. Псоми зэрыхуагъэфэщауэ, зэхьэзэхуэм щытекІуащ Къашыргъэ Залым къингъэжа, «Русь» Іуэхущ Іапщ ым и Мэджик Стрит. Шыр егъаСэ Бахъуэ Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым шы зыгъэхьуэхэм я саугъэтыр кьихьащ Юсупов О. и Триумф шым. «Критериум» зыфІаща етІуанэ саугъэтым папщІэ ильэситщ ыкІи щІэнэ кьыхэзгъэу Анатолэ и унагъуэщ Атройр. Ар зэхьэзэхуэм хуагъахьэзыращ мастер-шууей Бахъуэ Мухьэмэдрэ мастер-тренер Алокъуэ Тимуррэ.

Мэзым и лэжьакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу лІгъэуа саугъэтым метр 2000 зи кьыхьагъ гъуэгуэ щыщІэ-бэнащ шы нэхъыжь дыдэхэр. Зэхьэзэхуэр хьэлэмэт ищІат фэбжь зэригъуэтам кьыхэкІкІэ ильэскІэ кьамыгъэжа Алей шым кьызэригъэзэжам. Апхуэдизрэ кьызэрымыкам щхьэкІэ кьэныгъэу, абы текІуэныгъэ кьыхьифынут, арщхьэкІэ кьыщІежьам у ниКум шым жьэхэуэри ЛъэпэрэпащІ. И хьэрхуэрэгъур мэскъалкІэ кьызэрызэтеувыІар кьигъэсбэпащ Гъэунэ Резуан и Мечта Кавказа унагъэшым. Алей етІуанэу кьэсащ.

Махуэм екІуэкІа шыгъажэр иризэхуащІыжащ �щІэныгъэм и махуэм и саугъэтыр кьхэныным трауХуа зэдзэжкмкІэ. Апэ дыдэу шыгъажэапІэм кьихьа шибгъуэм «Іуащхьэмахуэ» шы спорт комплексым ей Асканов кьыпэлъэщыын кьахэхІакІыжьащ.

КъыкІэтьыкІуэ шыгъажэр Налшык ипподромым щекІуэкІынущ жэпэгъуэм и 5-м. А махуэм щІэбэнынущ Буденнэм и цІэкІэ щыІэ саугъэтэрэ Лъэпкъэзэныбжьэгъуэгъэм ейм рэ.

ДЫЩЭКІ Альберт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкІмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаегъ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИЗЭЩІАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъмкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхьІ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуу зэныту щыткІым.

Газетыр Іэ тельдакэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэнымІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикъмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щІыгъу-яхуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м ЩэнхабзэмрэхьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: **жуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор �щхьэщмышІ Иэз, корректорхэу ПхытІыкІ Юрэ *(1,3-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(2,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІепыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, ЩакІуэ Мадинэ, *суратыщІ* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатім щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3241